

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan boga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun struktur jeung ma'na kalimah éksprésif anu aya dina novél *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É.

Dumasar hasil tina panalungtikan kapanggih aya 212 data kalimah éksprésif. Ieu data kawengku struktur kalimah, jeung ma'nana. Hasil tina panalungtikan katitén kapanggih dua pola struktur kalimah éksprésif, jeung sapuluh ma'na kalimah éksprésif. Di handap dipedar sacara rinci hasil titimuan masing-masing struktural jeung ma'nana.

Kahiji, struktur kalimah éksprésif nyoko kana pola-pola kalimah disawang tina struktur jejer, caritaan, udagan, katerangan. Aya dua pola struktur kalimah éksprésif, nya éta struktur kalimah éksprésif sampurna jeung struktur kalimah éksprésif teu sampurna. Pola 1 struktur kalimah éksprésif sampurna:

- (1) pola 1: Kal Éks S \longrightarrow J – C- K + In Fi: 222↓ jumlahna aya 33 (15,56%) data struktur kalimah éksprésif;
- (2) pola 2: Kal Éks S \longrightarrow J – C – U + In Fi: 222↓ jumlahna aya 6 (2,83%) data struktur kalimah éksprésif;
- (3) pola 3: Kal Éks S \longrightarrow J – C – U – K + In Fi: 222↓ jumlahna aya 15 (7,17%) data struktur kalimah éksprésif;
- (4) pola 4: Kal Éks S \longrightarrow J – C – K – Pangl + In Fi: 222↓ jumlahna aya 37 (17,45%) data struktur kalimah éksprésif;
- (5) pola 5: Kal Éks S \longrightarrow J – C – U – Pangl + In Fi: 222↓ jumlahna aya 6 (2,83%) data struktur kalimah éksprésif;
- (6) pola 6: Kal Éks S \longrightarrow J – C – U – K – Pangl + In Fi: 222↓ jumlahna aya 15 (7,17%) data struktur kalimah éksprésif;
- (7) pola 7: Kal Éks S \longrightarrow J – C – P + In Fi: 222↓ jumlahna aya 2 (0,94%) data struktur kalimah éksprésif;

- (8) pola 8: Kal Éks S \rightarrow J – K – P + In Fi: 222 jumlahna aya 3 (1,41%) data struktur kalimah éksprésif;
- (9) pola 9: Kal Éks S \rightarrow J – C + In Fi: 222 jumlahna aya 2 (0,94%) data struktur kalimah éksprésif.

Pola 2 struktur kalimah éksprésif teu sampurna.

- (1) pola 1: Kal Éks TS \rightarrow C – K + In Fi: 222 jumlahnna aya 32 (15,09%) data struktur kalimah éksprésif;
- (2) pola 2: Kal Éks TS \rightarrow C – Pangl + In Fi: 222 jumlahnna aya 6 (2,83%) data struktur kalimah éksprésif;
- (3) pola 3: Kal Éks TS \rightarrow C – U – K + In Fi: 222 jumlahnna aya 13 (6,13%) data struktur kalimah éksprésif;
- (4) pola 4: Kal Éks TS \rightarrow C – K – Pangl + In Fi: 222 jumlahnna aya 19 (8,96%) data struktur kalimah éksprésif;
- (5) pola 5: Kal Éks TS \rightarrow C – U – K – Pangl + In Fi: 222 jumlahnna aya 7 (3,30%) data struktur kalimah éksprésif;
- (6) pola 6: Kal Éks TS \rightarrow K – Pangl + In Fi: 222 jumlahnna aya 14 (6,60%) data struktur kalimah éksprésif;
- (7) pola 7: Kal Éks TS \rightarrow K + In Fi: 222 jumlahnna aya 2 (0,94%) data struktur kalimah éksprésif.

Hasil tina panalungtikan di luhur bisa dicindekkeun yén pola struktur kalimah éksprésif nu panglobana nya éta pola 4 struktur kalimah éksprésif sampurna nu jumlahna 37 (17,45%), sedengkeun pola nu pangsaetikna nya éta pola 7 jeung pola 9 dina struktur kalimah sampurna, jeung pola 7 dina struktur kalimah teu sampurna, anu masing-masing jumlahna dua (0,94%).

Kadua, ma'na pragmatis nyoko kana maksud anu dipatalikeun jeung kontéks situasi omongan anu jadi kasang tukangna. Kapanggih aya 10 ma'na kalimah éksprésif, nya éta:

- (1) nyarékan, jumlahna aya 12 (5,66%);
- (2) ngawilujengkeun, jumlahna aya hiji (0,47%);

Fanni Rahma Vanessa, 2016

WANDA KALIMAH ÉKSPRÉSIF DINA NOVEL KEMBANG-KEMBANG PETINGAN KARYA HOLISOH M.É.:

Ulukan Struktur jeung Pragmatik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- (3) kagét, jumlahna aya 10 (4,71%);
- (4) cumeluk, jumlahna aya 92 (43,39%);
- (5) tumamprak, jumlahna aya 24 (11,32%);
- (6) karumasaan, jumlahna aya 29 (13,67%);
- (7) bungah, jumlahna aya 12 (5,66%);
- (8) kanyeri, jumlahna aya 8 (3,77%);
- (9) geuleuh, jumlahna aya dua (0,94%);
- (10) keuheul, jumlahna aya 22 (10,37%).

Hasil tina panalungtikan di luhur bisa dicindekkeun yén ma'na pragmatis kalimah éksprésif anu panglobana nya éta ma'na kalimah éksprésif cumeluk anu jumlahna 92 (43,39%), sedengkeun ma'na pragmatis kalimah éksprésif anu pangsaeutikna nya éta ma'na kalimah éksprésif ngawilujengkeun anu jumlahna hiji (0,47%).